

18 novanm, 2020

Chè Fanmi,

Nou swete oumenm ak pwòch ou yo sennesof ak ansante.

Nou tout nan Depatman edikasyon pran anpil fyète lè nou wè kijan elèv ak edikatè kontan reyini ak aprann ansanm ane sa a. Nou te sèl gwo distri lekòl nan peyi a ki te reouvri bilding nou. Avantaj sa genyen pou plizyè santèn milye elèv enkwayab, lè kominote lekòl yo te rekonekte anpèsòn pou aprann, grandi, ak sipòte youn lòt.

Pandan tou sa, nou te toujou kenbe sante ak sekirite kòm premye bagay nan tout sa nou fè. Sa gen ladan siveyans pousantaj transmisyon COVID-19 avèk anpil atansyon atravè vil la, epi, lè sa nesèsè si gen enfeksyon, fèmen bilding lekòl nou yo pou youn ti tan ak fè tranzisyon elèv nan aprantisaj adistans konplètman.

Avèk dènye ogmantasyon nan transmisyon COVID-19 la, nou rive nan yon pwen nan pousantaj enfeksyon Vil nou an ki mande pou tout elèv fè tranzisyon nan aprantisaj adistans. Apati **jedi 19 novanm**, tout bilding lekòl ap fèmen, epi tout aprantisaj pral fèt adistans pou tout elèv, jiska nouvèlòd. Direktè lekòl ou a gen pou fè w konnen tousuit ki pwochen etap pou ou ak pou elèv ou a. Tanpri sonje se yon fèmti tanporè, epi bilding lekòl yo pral reouvri dèke li an sekirite pou nou fè sa.

Mwen sèten ou gen anpil kesyon, epi pi ba a ou ka jwenn kèk gid enpòtan ki ka ba ou kèk repons. Kòm alòdinè, nou pran angajman pou ekselans, akademik, ranfòsman kominote, ak sipò sosyal/emosyonèl pou pitit ou a—kèlkeswa kote l ap aprann lan.

Aparèy pou aprantisaj adistans

Èske ou bezwen yon aparèy, sipò teknik oswa ou bezwen ranje yon aparèy ki anpàn, oswa w ap fè fas avèk pwoblèm yon aparèy ki pèdi oswa yo vòlè li? Rele biwo èd IT DOE a nan 718-935-5100 epi peze 5 pou jwenn asistans.

Ou ka jwenn èd tou byen vit sou entènèt:

- Chèche sijè sipò teknik: schools.nyc.gov/technicaltools
- Ranpli yon tikè demand pou sipò teknik: schools.nyc.gov/techsupport
- Mande yon aparèy: schools.nyc.gov/devices
- Jwenn èd avèk iPad DOE prete a: schools.nyc.gov/ipadfixes
- Pwoblèm avèk koneksyon entènèt ou: schools.nyc.gov/internet

Nou pran angajman pou nou asire tout elèv aprann 5 jou pa semèn. Lekòl pitit ou a ap sipòte ou nan aprantisaj adistans si ou pa gen yon aparèy kounye a, lè y ap ba ou travay sou papye. Kontakte lekòl ou a pou plis enfòmasyon.

Manje gratis pou elèv ak fanmi

Tout fanmi ak elèv ka kontinye ale nan nenpòt bilding lekòl ant 9:00 a.m. ak midi jou lasemèn pou al chèche twa repa gratis a-anpòte. Okenn idantifikasyon ni enskripsyon nesèsè. Repa Halal ak kosher disponib nan kèk lokal, ke w ap jwenn nan schools.nyc.gov/freemeals.

Sòti 3è rive 5è pm, Nouyòkè tout laj ka al chèche manje gratis nan 260 lokal Manje Kominotè atravè vil la. Pou ou jwenn yon lis lokal yo, tanpri ale nan schools.nyc.gov/freemeals.

Learning Bridges

Learning Bridges, pwogram gadri gratis Vil la pou timoun ki nan 3-K jiska 8yèm ane, ap kontinye sèvi fanmi ki enskri nan aprantisaj miks. Nou pral kontinye bay priorite pou timoun travayè esansyèl yo, ansanm avèk elèv ki nan lojman tanporè oswa ki abite nan devlopman NYCHA, timoun ki nan foster care oswa k ap resevwa sèvis byennèt timoun, ak elèv ki gen andikap. Fanmi ka jwenn plis enfòmasyon ak aplike nan schools.nyc.gov/learningbridges, epi y ap fè fanmi òf chak semèn depi vin gen plas disponib.

Edikasyon pou debitan

Salklas3-K ak Pre-K nan lekòl distri yo ak Sant Pre-K DOE yo ap fèmen. Si pitit ou a ale nan yon pwogram nan yon sant kominotè ki pa loje nan yon lekòl leta, oswa ale nan yon pwogram gadri fanmi ki fè pati yon rezo DOE, l ap rete ouvri. Si ou pa sèten ki kalite pwogram pitit ou a ale oswa si ou gen kesyon sou sèvis pitit ou a, tanpri kontakte pwogram ou an dirèkteman. Gen bonjan sipò yo mete anplas pou asire lokal sa yo ka kontinye fonksyone san danje.

Malgre nou vire pou yon tan nan ansèyman ak aprantisaj konplètman adistans pou tout elèv, si ou fèk chwazi pou enskri pitit ou a nan aprantisaj miks, pitit ou a pral kapab kòmanse aprantisaj anpèsòn lè nou reouvri. Mwen konnen pou anpil nan nou, desizyon sa a pou fèmen bilding lekòl tanporèman byenke pa gen lontan nou ouvri yo a se yon desepsyon, epi mwen konprann. Men, lè nou konfwonte defi sa yo ansanm, nou ka kontinye goumen kont COVID-19. Epi, mwen gen tout konfyans avan lontan, nou pral kapab reouvri bilding lekòl nou yo ankò san danje.

Tanpri sonje "Kat bagay debaz" yo: lave men ou, mete yon bagay pou kouvri figi w, kenbe sis pye distans avèk lòt moun, epi rete lakay ou si w santi w malad. Sa yo se etap enpòtan noutout kapab pran chak jou.

N ap kontinye kenbe w okouran, sipòte oumenm ak tout moun nan fanmi DOE a, pandan kriz sante piblik sa a ap kontinye evolye. Pandan tan sa a, tanpri pa ezite kontakte lekòl pitit ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid. Nou rekonesan anpil anvè ou pou kolaborasyon w ak tout sa ou fè pou vil nou an.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk